

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.2 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.2.1 Populasi Panalungtikan

Populasi bisa dihartikeun sakabéh sumber data anu rék ditalungtik (Arikunto, 1991: 102). Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung.

3.2.2 Sampel Panalungtikan


Sampel nya éta sabagian siswa atawa wawakil tina populasi anu rék ditalungtik (Arikunto, 1996: 117). Sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII-2. Nangtukeun sampel kudu dumasar kana tinimbangan-tinimbangan anu tangtu (Arikunto, 1996: 128)

Nurutkeun Arikunto (1996: 120), lamun subjékna kurang ti 100, leuwih hadé maké panalungtikan populasi. Lamun subjékna loba, bisa ditalungtik 10%-15% atawa 20%-25%. Sakabéh jumlah siswa kelas VIII-2 nya éta 40 siswa, nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VIII-2 lantaran jumlahna kurang ti 100.

3.2 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu panalungtikan dimimitian ku tatahar, pelaksanaan, ngumpulkeun data, analisis data, jeung nyusun laporan. Ieu léngkah-léngkah bisa digambarkeun dina bagan saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta salah sahiji cara pikeun ngumpulkeun data. Luyu henteuna méthode anu digunakeun bakal mangaruhan kana kahontal atawa henteuna tujuan. Nurutkeun Amir Suyatna (1994: 14) méthode dipaké pikeun méré gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah anu tangtu.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta salah sahiji méthode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan maké léngkah-léngkah; ngumpulkeun data, milah-milah atawa klasifikasi, nganalisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan, jeung nyieun laporan. Tujuan méthode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskrripsikeun masalah pamakéan undak usuk basa Sunda dina surat pribadi anu ditulis ku siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung. Alesan ngagunakeun méthode déskriptif nya éta:

- a. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta ngadéskriptifkeun kamampuh pamakéan undak usuk basa Sunda dina surat pribadi.
- b. Masalah anu ditalungtik lumangsung dina mangsa kiwari nya éta kasalahan pamakéan undak usuk basa Sunda dina surat pribadi anu ditulis ku siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung.
- c. Data ieu panalungtikan dikumpulkeun, diklasifikasikeun, anu satuluyna ditapsirkeun.

3.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan salah tapsir dina ieu panalungtikan, istilah-istilah anu patali jeung judul panalungtikan perlu dijelaskeun jeung dirumuskeun heula sakumaha ieu di handap.

1. *Kamampuh* nya éta asal kecapna tina mampuh nu hartina kuat atawa bisa.
2. *Ngalarapkeun* nya éta maké, ngagunakeun, merenahkeun.
3. *Undak usuk Basa* nya éta panta-panta atawa tatakrama basa saperti basa cohag, basa loma, basa sedeng, basa lemes.
4. *Nulis Surat Pribadi* nya éta nyieun atawa nyusun sarana pikeun nepikeun informasi atawa wawaran anu ditulis ka pihak séjén, anu ditujukeun ka babaturan, ka kolot, atawa surat keur kaperluan sacara pribadi, anu ditulis ku siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2011/2012.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa lembaran tés. Ari dina prakna ngolah data mah instrumén mangrupa tabél data.

3.6 Téhnik Panalungtikan

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

1) Téhnik Obsérvasi

Dina téhnik obsérvasi ieu, aya anu sipatna partisipan (langsung kalibet dina kagiatan) jeung aya anu sipatna non-partisipan nya éta langsung niténan kana objék panalungtikan. Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun niténan jeung nyatet sacara sistematis kaayaan SMP Negeri 43 Bandung anu baris dijadikeun sumber data. Umpamana baé, jumlah sakabéh kelas anu aya di éta sakola, jumlah sakabéh siswa kelas VIII, aya henteuna kelas pilihan, lengkep henteuna buku-buku anu ngarojong kana pangajaran basa Sunda. Kagiatan obsérvasi ieu lumangsung dumasar patokan anu tangtu luyu jeung tempat katut tujuan ieu panalungtikan.

2) Téhnik Tés

Dina ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun téhnik tés, nya éta méré tugas nyieun surat pribadi ka siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2011/2012.

3.6.2 Téknik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa léngkah anu paling penting dina kagiatan panalungtikan. Sabab data kurang aya hartina lamun masih kénéh mangrupa data nu atah, hartina acan atawa henteu diolah. Sangkan data aya hartina jeung implikasina, kudu dirumuskeun mangrupa kacindekan.

Ieu panalungtikan maké métode déskriptif, téhnik ngolah datana nya éta risét déskriptif anu sipatna éksploratif. Ku lantaran wangun datana kuantitatif,

téhnik ngolah datana nya éta dibandingkeun sarta dijumlahkeun jeung jumlah nu dipiharep, tuluy diperséntasikeun (Arikunto, 1996:244).

1) Analisis Surat Pribadi

a. *Meunteun kamampuh siswa*

$$N = \frac{\Sigma B}{\Sigma T} \times 100$$

N = perséntase kamampuh siswa

ΣB = jumlah kecap nu bener

ΣT = jumlah kecap (UUB) nu dipaké

b. *Nangtukeun patokan*

Tabél 3.2

Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Persentase Tingkat Ngawasa	Nilai Ubah Skala Lima		Keterangan
	0 - 4	E - A	
85% - 100%	4	A	Alus pisan
75% - 84%	3	B	Alus
60% - 74%	2	C	Cukup
40% - 59%	1	D	Kurang
0% - 39%	0	E	Goréng

(Burhan Nurgiyantoro, 2001: 393)

2) Analisis Basa Loma jeung Basa Lemes (keur Sorangan jeung keur Batur)

Analisis basa loma jeung basa lemes ngagunakeun ukuran préstasi nu dihontal ku siswa.

a. *Kamampuh ngagunakeun basa loma*

$$L = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah basa loma nu merenah

Y = jumlah basa loma nu dipaké

L = Perséntase larapna basa loma

b. *Kamampuh ngagunakeun basa lemes keur sorangan*

$$L_s = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah basa lemes keur sorangan nu merenah

Y = jumlah basa lemes keur sorangan nu dipaké

L_s = perséntase larapna basa lemes keur sorangan

c. *Kamampuh ngagunakeun basa lemes keur batur*

$$L_b = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah basa lemes keur batur nu merenah

Y = jumlah basa lemes keur batur nu dipaké

L_b = perséntase larapna basa lemes keur batur

